



ZAFÈ AFC

Konnen Dwa'w

YON GID POU DWA LEGAL FANMI IMIGRAN-YO
KI NAN LEKÒL LETA NAN VIL NEW YORK

Septanm 2015



Advocates for Children of New York
Protecting every child's right to learn

TAB MATYÈ

Entrodiksyon.....	3
Enskripsyon nan lekòl.....	4
Aplikasyon nan lekòl leta ak chwa lekòl.....	6
Sèvis pou elèv k'ap aprann lang angle (ELLs).....	7
Edikasyon espesyal epi Elèv ki andikape.....	10
Sispansyon.....	13
Pwomosyon ak Gradyasyon.....	14
Discriminasyon.....	16
Kouman pou'm patisipe nan edikasyon pitit mwen an?.....	17
Ki dwa'm genyen kòm paran?.....	18
Ak ki moun mwen ka pale nan DOE-a sou enkyetid mwen ak kesyon ke'm ka genyen?.....	19
Ki moun pou'm al jwenn pou asistans nan zafè imigrasyon?.....	20
Mo ak akwonim ki enpòtan.....	22
Konsej sou defans dwa.....	23

Gid sa a se pa konsèy legal ke'l ye. Gid sa-a eseye rezime règleman oswa lwa ki deja egziste san li pa bay opinyon AFC. Si ou gen yon pwoblèm legal, tanpri kontakte yon avoka oswa yon defansè.

ENTRODIKSYON

Gid sa la pou'l bay fanmi imigran-yo yon lide sou dwa yo nan sistèm lekòl leta nan vil New York-la epi se sitou pou paran ki gen timoun ki gen laj pou y'al lekòl, soti nan klas jadendanfan jiska 12yèm ane eskolè.

Lè w'ap li gid sa-a, gen 6 dwa fondamantal pou kenbe nan tèt ou:

Sis (6) dwa ki pi enpotan yo: Dwa'w nan sistèm lekòl leta nan vil New York

1. **Pitit-ou gen dwa pou'l ale lekòl kèlkeswa sityasyon imigrasyon li oswa sityasyon imigrasyon fanmi'w.**
2. **Si pitit ou a bezwen èd pou l aprann angle, ou gen dwa pou w chwazi swa yon pwogram bileng oubyen yon pwogram Angle Kòm Nouvo Lang (ENL).**
3. **Ou gen dwa aplike nan lekòl leta ke'w chwazi-a pou lekòl elemantè, entèmedye ak segondè.**
4. **Ou gen dwa resevwa enfòmasyon sou lekòl tradwi nan lang ou pi pito-a.**
5. **Ou gen dwa pou'w konnen si y'ap mete pitit ou-a deyo lekòl la oswa si li ap refè klas-la.**
6. **Pitit ou-a gen dwa resevwa yon edikasyon san diskriminasyon poutèt ras-li sityasyon imigrasyon-li, peyi kote'l fèt oswa gwoup etnik li.**

Si'w gen lòt kesyon lè'w fin li gid sa-a, rele

**Sèvis asistans nan zafè Edikasyon AFC • 866-427-6033 (gratis)
Lendi jiska Jedi, 10 zè nan maten rive 4 è apremidi**

Nou ka pale ak ou nan lang OU.

ENKRIPSYON NAN LEKÒL

Kilè pitit mwen-an ka ale lekòl?

Timoun ki genyen soti 5 an jiska 21 an gen dwa pou yo ale lekòl leta kèlkeswa kote yo te fèt oswa ki lang yo pale. Nan vil New York (NYC), timoun jki gen 4 an kalifye tou pou-yo ale nan jadendanfan inivèsèl (UPK) epi timoun ki gen 3 zan ka resevwa sèvis edikasyon si pwogram-yo ke plan disponib.

Tout timoun ki gen laj 5 a 21 lane ki enskri nan lekòl leta yo ta dwe aksepte epi plase nan yon pwogram ki apwopriye nan omwen 5 jou lekòl. Yo pa kapab pa admèt yon timoun ki elijib nan jadendanfan. Yo pa gen dwa anpeche yon adolesan pou l asiste yon lekòl segondè nitou yo pa gen dwa voye l nan yon pwogram preparasyon pou yon diplòm ekivalan lekòl segondè akòz laj li, nivo edikasyon li ki limite, oubyen paske l ap etidye angle kòm dezyèm lang.

Sitiyasyon imigrasyon'w pa yon pwoblèm.

Etidyan imigran gen dwa pou yo ale lekòl kèlkanswa sitiyasyon imigrasyon-yo oswa sitiyasyon imigrasyon fanmi-yo. Pa gen moun nan lekòl-la ki ka mande ki kondisyon imigrasyon yon timoun oswa fanmi'l genyen. Menm-si kèk fòmilè nan lekòl-la mande pou yon nimewo sekirite sosyal, paran ak elèv-la PA oblije bay enfòmasyon sa-a.

Elèv imigran yo gen dwa resevwa tout sèvis lekòl-la bay ke yo kalifye pou yo, ki gen ladan-yo manje midi gratis, manje maten gratis, ak transpò, menm si yo-menm oswa fanmi yo pa genyen pape ni yo pa gen yon nimewo sekirite sosyal.

Ki kote pou'm enskri pitit mwen-an?

Etidyan yo dwe abite nan NYC pou yo ka asiste yon lekòl piblik NYC. Si pitit ou a pral antre nan lekòl primè oubyen entèmedyè, li mèten enskri nan lekòl ki koresponn ak zòn kote yo abite a, ki se youn nan pami plizyè opsyon li genyen. Pou detèmine ki lekòl ki koresponn ak zòn kote w abite a, rele 311. Anplis sa, ou ka vizite Sant Akèy pou Fanmi ki nan vwazinaj kote-w rete an pou aprann ki lòt chwa ki genyen pou pitit ou.

Si pitit ou a pral antre nan lekòl segondè, kontakte Sant Akèy pou Fanmi ki nan vwazinaj ou an pou jwenn plis enfòmasyon sou koman w ka jwenn yon lekòl. Enfòmasyon kontak pou Sant Akèy pou Fanmi yo sou paj 19 nan ti liv sa a.

KONSÈY:

Si yo mande'w pou nimewo Sekirite Sosyal ou, mete 000-00-0000 espas la.

Dokiman Enpòtan

Pote pyes sa yo avè'w lè'w al enskri nan yon lekòl.

1. **Prèw adrès kote'w rete**, kòm yon fakti gaz, televizyon, kouran, oubyen dlo, oubyen yon kontra kay. ATANSYON, fakti telefòn, kat kredi, pèmi pou kondwi, etc. yo PA yon prèw akseptab. Fò w prezante ant de ak twa dokiman, sa depann de ki kalite dokiman w prezante. Pou wè yon lis konplè dokiman ki akseptab kòm prèw adrès kote'w rete, vizite: <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/NewStudents/default.htm>.
2. **Batistè pitit ou oswa paspò'l**, yo aksepte paspò entènasyonal.
3. **Kanè vaksinasyon pitit ou**.
4. Si yo disponib, **dènye kanè/relve nòt pitit ou, Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP), oswa plan akomodasyon 504** — al gade nan paj 10 pou plis detay sou bagay sa yo.

E si pitit mwen pa gen dosye lekòl oswa li te pase ti kras tan lekòl oswa pat ale lekòl di tou?

Li ap toujou gen dwa pou yo admèt li imedyatman nan lekòl piblik. Yon konseye admisyon oswa yon lòt manm pèsonèl nan lekòl pitit ou-a pral kreye yon pwofil elèv la ak evalye'l nan lang ke'l pale-a. Si pa gen moun pami anplwaye-yo ki pale lang pitit ou-a, lekòl la ta dwe fè aranjanman pou entèpretasyon.

E si dosye/relve nòt pitit mwen an la se soti nan yon lekòl ki nan yon lòt peyi?

Mande lekòl pitit ou pral asiste a, Depatman Edikasyon an, oubyen yon lòt kote (pa egzanp konsila w, yon òganizasyon kominotè, oubyen yon sèvis prive) pou yo tradwi dosye lekòl oubyen relve nòt etranje pitit ou. Apresa, lekòl la pral evalye dokiman ki tradwi a pou yo we nan ki klas pou yo mete pitit ou an.

Pandan tan sa-a yo dwe admèt pitit ou a nan lekòl la.



APLIKASYON NAN LEKÒL LETA AK CHWA LEKÒL

Sa Sa Vle Di Chwa Lekòl?

Menm si yo ka voye pitit ou-a nan lekòl ki nan katye'l oswa nan lekòl "zòn" la, ou ka chwazi kilekòl ak ki kalite lekòl pou pitit ou-a ale. Paran yo ta dwe fè rechèch sou lekòl yo, vizite sa ki enterese yo, epi soumèt yon aplikasyon sou non pitit yo. Elèv imigran-yo ak elèv k'ap aprann angle-yo kalifye pou yo ale nan tout lekòl leta Vil Nouyòk, ki gen ladan-yo:

- **Lekòl semiprive:** Lekòl leta men sektè prive jere yo. Ou dwe aplike, men admisyon-a fèt pa lotri.
- **Lekòl Magnèt:** lekòl piblik ki pa nan zòn-ou ak yon pwogram espesyal (tankou zafè atistik, teknoloji, syans). Ou dwe aplike pou w al ladan'l.
- **Lekòl Segondè entènasyonal:** Lekòl piblik kote tout elèv yo se imigran.
- **Pwogram Edikasyon pou Etidyan ki Entelijan ak Dispoze pou yo Aprann :** Lekòl piblik ki gen pwogram espesyal ki avanse. Pitit ou a dwe pase yon egzamen pou yo ka aksepte l. ELL yo nan ane jadenanf an jiska 2yèm ane ka fè yon demann pou yo pase yon egzamen ki tradwi nan youn nan 9 lang yo pale plis nan vil NY la. Lòt akomodasyon pou tèl yo disponib pou ELL yo ak ansyen ELL yo.

Pou plis enfòmasyon sou aplikasyon nan lekòl sa-yo, tanpri rele Liy Asistans nou-an oswa vizite sit entènèt DOE-a sou chwa lekòl: <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/default.htm>.

Èske mwen ka transfere pitit mwen-an nan yon lòt lekòl?

Yon demann pou transfere nan lòt lekòl dwe fèt alekri. Twa kalite transfè ki pi kouran se (1) Transfè Medikal, (2) Transfè pou sekirite, epi (3) Transfè Transpò (fo timoun nan ta voyaje nan transpò piblik pou 90 minit oswa plis ale-retou). Kote lòt timoun ou yo ale lekòl dwe pran an konsiderasyon nan demand transfè-a tou.

Li enpòtan pou sonje ke transfè sa-yo trè difisil pou jwenn. Plis enfòmasyon disponib sou sit wèb DOE a: <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/Transfers/default.htm>.

KONSÈY:

Itilize zouti rechèch "Find + Compare" nan www.schoolbook.org
Pou jwenn ak kompare diferan lekòl semiprive nan NYC.

SÈVIS POU ELÈV KAP APRANN ANGLE (ELLs)

Tout etidyan yo gen dwa a yon edikasyon piblik, kèlkeswa jan yo pale angle. Etidyan k ap aprann angle yo gen dwa a yon enstriksyon espesyal pou aprann yo angle. Etidyan sa yo rele “English Language Learners” (ELL).

Modalite enstriksyon ki pi komen yo se **Edikasyon Bileng Tranzisyonèl (TBE) oubyen Angle Kòm Nouvo Lang (ENL)**. Pwogram **Dezyèm Lang** yo ka disponib pou ELL yo tou.

Eske pitit mwen an kalifye pou Sèvis ELL yo ?

Depi pitit ou antre nan yon lekòl NYC, ou dwe ranpli yon **Ankèt Idantifikasyon Lang Fwaye (HLIS)** ak èd yon pwofesè oubyen yon administratè. Ankèt sa a poze kesyon sou ki lang ou pale lakay ou epi ki lang pitit ou itilize. Apresa, yon pwofesè pral fè entèvyou ak pitit ou a nan lang natif natal ou ni ann angle, epi l ap revize travay pitit ou a gen tan reyalize deja si se posib.

Si li kalifye, apresa pitit ou a pral pase yon egzamen ann angle, ki rele **Tès Idantifikasyon Leta Nouyòk pou Moun K ap Aprann Angle (NYSITELL)** pou detèmine ki nivo kapasite pitit ou a ann angle. Etidyan an ta dwe pase egzamen sa a pa plis pase 10 jou apre l fin enskri nan lekòl la. Si pitit ou a pa pase NYSITELL la, li kalifye pou sèvis ELL yo.

ELL yo dwe pase egzamen **Tès Reyalizasyon Angle Kòm Dezyèm Lang Leta Nouyòk (NYSESLAT)** tou yon fwa chak ane nan sezon prentan. Depi pitit ou fè yon sètèn mwayèn sou egzamen NYSESLAT la, yo p ap konsidere l antanke ELL ankò epi li p ap resevwa anseyman ENL oubyen TBE ankò.



Di ki diferans ki genyen ant Pwogram ELL-yo

1. **Edikasyon Bileng Tranzisyonèl (TBE):** Yo bay anseyman ann angle e nan lang natif natal etidyan an. Kantite angle ki pale nan klas la ogmante tout tan etidyan an vin pifò nan angle an.
2. **Angle Kòm Nouvo Lang (ENL):** Yo ansaye elèv yo antyèman an angle epi yon pwofesè ki fòme pou sa aprann yo pale, li, ak ekri angle-a. (Pifò nan nouvo etidyan imigran yo nan yon sal klas ENL).
3. **De Lang (DL):** ELL yo ak moun ki pale angle kòm lang natif natal yo aprann ansanm nan yon sèl klas. Toulede gwoup etidyan yo pral vin kouran ann angle e nan dezyèm lang lan. Chak lekòl gen pwòp pwosesis admisyon pa l. Pifò nan pwogram De Lang yo nan NYC anseye panyòl kòm dezyèm lang, men gen kèk grenn ki anseye chinwa, kreyòl ayisyen, ris, koreyen, franse, ak arab.

Pou jwenn yon lis pwograms TBE ak DL yo bò lakay ou, vizite:

<http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/49375968-8BBI-4617-A287-7A18C795B1FF/0/BilingualProgramsListSY201516.pdf>.

Èske'm kapab chwazi pwogram ELL pou pitit mwen an?

WI. Paran yo gen dwa pou yo chwazi ant TBE, DL and ENL. Pifò lekòl gen kou ENL yo, men kou TBE ak DL yo pi ra. Si gen yon lòt lekòl nan distri pitit ou a ki ofri pwogram TBE oubyen pwogram De Lang ou vle a epi w vle jwenn yon plas nan pwogram sa a, ou gen dwa pou w transfere pitit ou a nan lekòl sa a. Pitit ou a gen dwa tou pou l jwenn transpò gratis pou li ale nan lekòl sa a. Si w ta renmen pran transfè pou pitit ou a, kontakte lekòl ou a pou èd.

Lekòl yo gen obligasyon pou yo kreye yon pwogram bileng nan yon nouvo lang baze sou kantite ELL ki nan yon klas:

- Lekòl Primè ak Entèmedyè: 15+ ELL nan yon sèl klas **OUBYEN** ki pa gen plis ke 2 klas ant youn ak lòt, ki itilize menm lang natif natal la.
- Lekòl Segondè: 20+ ELL nan **YON SÈL** klas ki itilize menm lang natif natal la.

Ou ka mande lekòl pitit ou a asiste a pou yo kreye yon pwogram bileng si lekòl la gen kantite ELL ki espesifye anlà a.

Si pa gen okenn lekòl nan distri pitit ou-a ki ofri yon pwogram bileng nan lang pitit ou-a, pitit ou-a dwe pran ENL.

KONSÈY:

Pwogram ENL chak elèv dwe kreye pou nivo konpetans elèv la nan lang angle a. Sa vle di se pa tout elèv ENL nan klas la ki ap resevwa menm pwogram ENL la! Si pitit ou-a pifò pase kamarad klas li-yo nan angle, li gen dwa nan yon nivo ansèyman ki pi avanse.

Eske lekòl pitit mwen an pral kontakte-m apwopo pwogram ELL yo ?

WI. Anba lalwa NYS la, paran yo dwe resevwa yon notifikasyon pa plis ke 5 jou apre etidyan an idantifye kòm yon ELL. Avan pitit ou a anrejistre nan yon pwogram bileng oubyen yon pwogram ENL, ou gen dwa a:

1. Yon sesyon oryantasyon avèk yon eksplikasyon diferan opsyon pwogram yo;
2. Yon deskripsyon egzamen ak estanda eta epi egzijans pou pwogram TBE, DL, ak ENL yo; epi
3. Tout enfòmasyon yo nan lang prefere w la. Si w fè fas ak nenpòt pwoblèm, silvouplè rele Asistans Telefonik nou an.

Èske pitit mwen an kalifye pou sèvis lang apre ke'li pa yon ELL ankò?

WI. Pandan omwen 2 an apre yo vin fò ann angle (baze sou mwayèn yo fè nan tèz NYSESLAT la), timoun ki te ELL yo dwe resevwa ENL entegre pandan 90 minit chak semenn(anseyman pou devlope kapasite nan lang angle a atravè anseyman pou kontni adapte yo, tankou lasyans oubyen matematik) oubyen lòt sèvis pou ansyen ELL yo.



KONSÈY:
Pèsonnèl lekòl yo dwe reyini ak paran ELL yo omwen yon fwa chak ane pou yo diskite devlopman lengwistik, pwogrè, ak bezwen pitit la.

EDIKASYON ESPESYAL EPI ELÈV KI ANDIKAPE

Ki sa edikasyon espesyal la ye?

Edikasyon espesyal se yon pwogram ki bay enstriksyon espesyalize, sipò, ak sèvis pou elèv ki gen yon andikap. Andikap sa yo ka varye soti nan difikilte aprantisaj ak konpòtman jiska andikap fizik ak entelektyèl trè grav. Elèv ki nan edikasyon espesyal kapab aprann swa ak lòt elèv ki gen andikap nan yon sal klas edikasyon jeneral oswa nan yon sal klas apa pou elèv ki gen andikap. Tou depan de bezwen elèv la, yon elèv kapab resevwa tou “sèvis ki gen rapò ak bezwen yo”, tankou terapi okipasyonèl, terapi fizik oswa konsèy.

Pou yon eksplikasyon pi detaye sou sistèm edikasyon espesyal NYC a epi dwa etidyan ki andikape yo, gade **Gid Edikasyon Espesyal AFC a**, ki disponib an:

Angle: http://advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/guide_to_special_ed.pdf

Panyòl: http://www.advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/guide_to_special_ed_spanish.pdf

Chinwa: http://www.advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/guide_to_special_ed_chinese.pdf

Bengali: http://www.advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/guide_to_special_ed_bengali.pdf

Ki jan timoun yo ap resevwa sèvis edikasyon espesyal?

Paran yo ka mande pou yo evalue pitit yo pou edikasyon espesyal. Demann sa-a dwe fèt alekri epi adrese bay dirijan Komite distri lekòl ou-a pou Edikasyon Espesyal (CSE), oswa direktè lekòl ou-a.

Anplwaye lekòl la ka refere yon timoun pou sèvis edikasyon espesyal tou. Referans la dwe fèt alekri epi dokimante fason ke lekòl la te eseye ede elèv la nan sèvis edikasyon jeneral (egzanp, ENL, leson patikilye, pwogram apre-lekòl, estrateji konpòtman) anvan nou konsidere edikasyon espesyal. Paran yo dwe ekri ke you konsanti ke lekòl la ka evalue pitit yo pou edikasyon espesyal.

Ki jan ELL yo resevwa sèvis edikasyon espesyal?

Pitit ou a gen dwa resevwa sèvis edikasyon espesyal yo imedyatman, **kèlkeswa kantite tan** li deja ap viv Ozetazini.

Yo pa ka refere yon elèv bay edikasyon espesyal paske yo pa pale angle byen.

Paran yo gen dwa pou yo mande yon referans pou pitit yo ka ale nan pwogram edikasyon espesyal nenpòt lè. Depi yo fin evalye pitit ou a, ou pral rankontre yon ekip pwofesyonèl nan lekòl la pou diskite si pitit ou a bezwen edikasyon espesyal ou non. Ekip sa a dwe gen ladan l yon pwofesè oubyen yon founisè sèvis lye ki sètifye pou l anseye angle bay moun ki pale lòt lang oubyen pou founi sèvis bileng. Si pitit ou a kalifye pou sèvis edikasyon espesyal, ekip la pral kreye yon **Pwogram Edikasyon Endividalize (IEP)**. Sa a se yon dokiman ki pral dekri pwogram pitit ou a, sèvis yo, ak objektif edikatif yo.

Èske mwen ka mande tradiksyon dokiman edikasyon espesyal pitit mwen an?

WI. Paran yo gen dwa gen tout IEP, rezilta evalyasyon, ak avi sou edikasyon espesyal yo tradi nan lang yo pi pito-a. Paran yo gen dwa gen entèprèt nan reyinyon yo tou. Ou ka mande sèvis tradiksyon ak entèpretasyon sa yo nan lekòl pitit ou-a. Si yo pa ofri sèvis sa-a, tanpri kontakte asistans telefonik nou yo. Fò w depoze yon plent ak Depatman Edikasyon an (DOE) lè w rele yo sou (718) 935-2013.

KONSÈY:

Tibebe ak timoun piti laj 0 a 3 ak reta nan devlopman yo gen dwa a evalyasyon pou pwogram Entèvansyon bonè (EI). Pou refere yon timoun pou EI, rele 311 epi wè **AFC's Guide to Early Intervention**, ki disponib nan lang angle nan sit: http://www.advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/guide_to_early_intervention.pdf ak panyòl: http://www.advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/guide_to_early_intervention_spanish.pdf.

Eske pitit mwen an ka resevwa sèvis ELL yo nan Edikasyon Espesyal la ?

WI. Si pitit ou a se yon ELL li dwe resevwa ni edikasyon espesyal ni sèvis ELL.

E si yon klas edikasyon espesyal bileng klas pa disponib nan lekòl pitit mwen an?

Pitit ou-a ka:

1. Tanporèman plase nan yon klas edikasyon espesyal ki fèt ann angle selman, avèk anseyman ENL; oubyen
2. Genyen yon pwofesyonèl bileng enterprete pou li.

AVÈTISMAN:

Yon lekòl pa ta dwe chanje IEP pitit ou-a tou senpleman paske yo pa ofri sèvis ki apwopriye oswa pwogram ke li bezwen (ki gen ladan l sèvis ELL)!

E si lekòl pitit mwen an pa bay sèvis sa yo nan IEP li-a?

Si yon timoun pa resevwa sipò nan klas, sèvis, ak / oswa lang ke li bezwen, ou kapab depoze yon demann odyans san patipri pou resevwa yon lòd ki ta mande pou DOE-a bay sèvis sa yo ki nesèsè.

Kouman pou mwen ranpli yon Demann Odyans san Patipri?

Pou demand alekri-yo ou ka voye yo bay:

Impartial Hearing Office
Department of Education
131 Livingston St., Room 201
Brooklyn, NY 11201
Tel. 718-935-3280
Fax. 718-935-2528

KONSÈY:

Ou gen dwa ak yon entèprèt nan odyans ekitab epi w dwe mande youn avan dat odyans lan. Rele biwo odyans ekitab la sou (718) 935-3280 pou mande yon entèprèt.

Sit Web DOE ofri enformation sou ki jan yo fè yon demann pou odyans san patipri: <http://schools.nyc.gov/NR/exeres/9914376B-5893-432A-A8B9-9CE42B1CEA50.htm>.

Ou ka aprann tou de **AFC's Guide to Special Education Impartial Hearings**, ki disponib an angle: http://www.advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/impartial_hearings.pdf ak panyòl: http://www.advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/impartial_hearings_spanish.pdf.

SISPANSYON

Yon sispansyon se le yo retire elèv la nan nan klas li. Gen de kalite nan sispansyon:

- **Sispansyon direktè-a** – ki dire jiska 5 jou, ak
- **Sispansyon sipèntendan-a** – ki ka dire tout yon ane. Sispansyon sipèntendan ka mennen nan ekspilsyon (kote yo mete pitit ou a deyò net) si elèv ki sispann nan genyen plis ke 17 an sou premye jou lekòl la. Yo ka sispann yon elèv lekòl la si yo wè ke'l se yon danje pou tèt li oswa lòt moun. **Yo ka sispann ELL tou.**

Si yo sispann pitit ou-a, li gen dwa a resevwa tout devwa, travay nan klas, ak enstriksyon nan yon sit altènatif pandan sispansyon an.

Ki sa pou'm fè si yo sispan pitit mwen an?

Si yo sispann pitit ou-a, ou gen dwa a yon notifikasyon oral imedyatman ak alekri kote ke yo espesifye prev kont pitit ou-a. Ou gen dwa pou resevwa tout prèv kont pitit ou-a tou. **Yo dwe ba ou enfòmasyon sa-yo nan yon lang ke ou konprann;**

Ou gen dwa pou gen yon **konferans sou sispansyon** an (pou sispansyon ke direktè-a fè) **oswa yon odyans** (pou sispansyon yon sipèntendan fè) tou. Paran ak elèv la gen dwa pou yo vini ak yon reprezantan oswa yon defansè nan konferans sispansyon a, ak odisyon a. Pou mande reprezantasyon, ou ka rele Liy Asistans oswa Legal Services AFC a nan New York nan. (212) 431-7200.



KONSEY:

Si pitit ou-a andikape epi yo te sispann li, tanpri rele Liy Asistans nou an. Gen pwosedi espesyal ke'w gen dwa konnen epi patisipe ladan si sa rive.

PROMOSYON AK GRADUASYON

Règleman Chanselye A-501 bay lis direktiv pwomosyon pou chak nivo klas. Direktiv sa yo tradi nan lang arab, bengali, chinwa, franse, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, panyòl, ak endou, epi ou ka jwenn yo nan: <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/ChancellorsRegulations/default.htm>.

Kisa pitit mwen an bezwen fè pou’l jwenn pwomosyon klas?

Malgre ke nou ankouraje’w li gid pou chanje klas detaye sou sit wèb DOE-a, tablo ki anba a bay lis kisa pitit ou a bezwen fe pou li avanse chak ane:

Nivo klas	Kritè debaz
jadendanfan – 2 ^{ème} klas	Direksyon lekòl la ap pran desizyon pou yo fè timoun nan avanse nan pwogram nan ou pa.
3 ^{ème} – 8 ^{ème} Klas	Desizyon Pwomosyon yo pran sou baze yon Evalyasyon nòt egzamen-yo, kou klas, kanè, pwojè elèv yo ak devwa. Rezilta tèl leta a pa ta dwe pi gwo faktè nan desizyon pwomosyon an.
9 ^{ème} – 12 ^{ème} Klas (Lekòl segondè)	Pwomosyon an baze sou prezans ak ki kantite kredi yon elèv genyen: <ul style="list-style-type: none">• 8 kredi pou antre nan 10^{èm} klas• 20 kredi pou antre nan 11^{èm} klas• 28 kredi pou antre nan 12^{èm} klas

Eske ELL yo ka double klas nan lekòl la?

WI. Yo kapab anpeche ELL yo avanse si yo echwe ane a oubyen si yo pa reponn ak kritè avansman espesifik yo pou ane yo a. ELL yo PA KAPAB gen egzijans pou yo refè yon ane skolè selman paske yo pa pale angle byen.

De gwoup nan ELL yo egzante de nòm ofisyèl pou pwomosyon:

1. ELL ki nan klas 3-7 ki te nan yon lekòl piblik ameriken pou mwens ke 2 zan ak ELL yo ki nan klas 8yèm lane ki te nan yon lekòl piblik ameriken pou mwens ke 1 an; **AK**
2. Elèv ki nan edikasyon espesyal (ki gen ladan ELL) ki gen IEP di ke yo egzante oswa ki modifiye kritè pwomosyon an ke yo pral itilize.

Ki jan lekòl pitit mwen an ap kontakte'm si li riske pou yo fè'l double klas la?

Twa fwa pandan ane lekòl la ka fè'w konnen si pitit ou-a riske pou'l double klas la.

- Konferans pwofesè-paran otòn nan
- Alekri vè 15 fevriye (yo rele sa Lèt "Pwomosyon nan dout")
- Alekri pa lapòs anvan fen lane lekòl la.

AVÈTISMAN: Menmsi yon lekòl pa mete w okouran, lekòl la kapab toujou egzije pitit ou a refè ane skolè a.

Eske'm ka fè apèl kont desizyon lekòl la pou fè pitit mwen an double klas la?

WI. Si ou pa dakò avèk desizyon lekòl la, ou ka soumèt yon apèl ekri bay direktè lekòl la. Lè sa-a sipèntandan an revize desizyon direktè-a epi pran yon desizyon final.

Kisa pitit mwen an bezwen fè pou'l gradye nan lekòl segondè?

Pitit ou a dwe konplete 44 kredi epi pase 4 egzamen Regents (ann Angle, Matematik, Syans Sosyal, ak syans) avèk yon mwayèn ki omwen 65, epi yon 5yèm egzamen leta a apwouve etidyan an chwazi (pa egzanp yon egzamen Regents anplis, yon egzamen Advanced Placement, oubyen yon egzamen Metye ak Edikasyon Teknik (CTE)).



ELL yo pa oblije pase NYSESLAT la pou yo kadiplome; sepandan, yo dwe pase egzamen angle Regents yo an angle. Si yon ELL pa ka konprann matyè nan lang angle, li ka pran lòt egzamen yo nan lang yo pi pito-a.

Pou plis enfòmasyon, gade feye **Pwomosyon Lekòl Segondè ak Gradyasyon AFC pou ELL**, disponib ann angle: http://www.advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/high_school_promotion_graduation_for_ells.pdf epi panyòl: http://www.advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/high_school_promotion_graduation_for_ells_spanish.pdf.

DISKRIMINASYON

Li kont lalwa pou yon lekòl fè diskriminasyon kont oumenm oswa pitit ou sou baz ras ou, koulè'w, etnisite'w, peyi kote'w sòti, relijyon'w oswa estati imigrasyon'w.

Ki sa diskriminasyon ye?

Men kèk ekzamp:

- Yon moun ki anplwaye nan lekòl piblik ke ou ta vle enskri pitit ou di'w ke pitit ou a pa kapab ale ladan'l paske li pa yon Ameriken.
- Pitit ou a rive lakay ou epi li di'w ke yon pwofesè te di'l "retounen nan peyi kote li sòti a."

Si ou santi ke yo te fè diskriminasyon kont oumenm oswa pitit ou oswa anmède ou, ou ka pote yon plent bay nempòt nan ajans sa yo.

- NYC DOE Office of Equal Opportunity (OEO): (718) 935-3320
*Yo dwe depoze plent ou bay OEO a **nan yon ane** de evènman an ki se sijè plent lan.*
- U.S. Department of Education, Office for Civil Rights: (646) 428-3900
- New York City Commission on Human Rights: (212) 306-7050



KOUMAN POU'M PATISIPE NAN EDIKASYON PITIT MWEN?

Gen anpil fason ou ka patisipe nan edikasyon pitit ou-a. Men kèk egzanp:

- Rantre nan yon **asosyasyon paran oswa yon asosyasyon pwofesè ak paran (PA/PTA)**. Òganizasyon sa yo prezan nan chak lekòl epi lekòl la konsilte-yo pou tout desizyon. Men, PA yo ak PTA pa kapab pran desizyon final sou fonksyonman lekòl la.
- Kontakte **Koòdonatè paran** lekòl ou-a si lekòl ou-a gen yonn. Koòdonatè paran yo ede regle enkyetid paran yo sipòte patisipasyon paran yo.
- Patisipe nan youn nan ekip lidèchip lekòl la. Sa yo se òganizasyon ki la pou lekòl la e ki prezan nan tout lekòl yo. Menm kantite paran ak anplwaye lekòl la reyini omwen yon fwa pa mwa pou planifye ak pou deside sou règleman lekòl la ki gen rapò ak bidjè a, pwogram etid, sèvis ELL, e bagay konsa.
- Patisipe nan yon **Komite Konsèy Paran Tit I**: yon pwogram federal pou ki ede elèv ki sot nan fanmi gen ti revni ak elèv ki fè pati minorite-a, ki gen ladan ELL yo. Kontakte koòdonatè paran yo nan lekòl ou-a pou plis enfòmasyon.
- Aplike pou rantre nan Konsèy Edikasyon Kominote-a oswa Vil la (CEC): gen 32 gwoup nan tout vil New York ki la pou fè règleman edikatif ak etabli priyorite nan distri lekòl piblik respektif yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sa sou sit entènèt DOE-a nan: <http://schools.nyc.gov/Offices/CEC/GPIInformation/default.htm>.
- Aplike pou rantre nan **Konsèy Vil la pou eklèv kap aprann lang angle: (CCELL)**: <http://schools.nyc.gov/Offices/CEC/default.htm>.
- Ou ka fè pati de yon **òganizasyon ki baze nan kominote-a** ki konsantre sou amelyore ak sipòte edikasyon piblik nan NYC.

KI DWA'M GENYEN KÒM PARAN?

- Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon ki gen rapò ak lekòl la (rapò sou pwogrè pitit ou a, kanè yo, avi, e bagay konsa yo) nan lang ou pi pito-a. Sèvis sa yo ta dwe disponib nan lang Arab, Bengali, Chinwa, Franse, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, ak Endou.
- Ou gen dwa pou ale nan konferans paran-pwofesè ak asistans tradiksyon ak entèpretasyon. Lekòl yo dwe afiche avi ki deklare ki jan ou ka resevwa sèvis sa yo. Mande Koòdonatè paran lekòl pitit ou-a oswa Direktè -a pou enfòmasyon si'w pa wè avi sa yo nan lekòl pitit ou-a.
- Ou gen dwa pou jwenn aksè a yon kopi tout dosye lekòl pitit ou-a. Yo dwe pwodwi dosye sa yo imedyatman epi pa pita ke 45 jou kalandriye apre demann la fèt. Ou gen dwa pou fè apèl oswa chanje nenpòt enfòmasyon ki nan dosye pitit ou a tou.
- Ou gen dwa pou w patisipe nan kominote ak nan gouvènman lekòl pitit ou.

Malerezman, paran yo souvan pa resevwa sèvis tradiksyon ak entèpretasyon yo bezwen yo. Si w gen pwoblèm sa a, ou kapab rele Asistans Telefonik nou an oubyen depoze yon plent lè w rele lin pou plent sou aksè lang DOE a sou (718) 935-2013.



AK KI MOUN POU'M PALE NAN DOE-A SOU ENKYETID MWEN AK KESYON KE'M KA GENYEN?

Si ou gen yon pwoblèm ak sèvis pitit ou ap resevwa nan lekòl la, ki gen ladan sèvis pou ELL, pale avèk:

1. Pwofesè pitit ou a
2. Kowodonatè Paran lekòl ou a
3. Administratè lekòl la
4. Biwo Sipèrntandan an pou lekòl pitit ou a. Yon lis Sipèrntandan disponib nan: <http://schools.nyc.gov/AboutUs/schools/superintendents/HSSupes.htm>.

Sant Akèy pou Fanmi:

Kontakte Sant Akèy pou Fanmi ou a pou anrejistre pitit ou a.

Minisipalite	Distri ki sèvi	Adrès	Nimero telefòn
Bronx	7, 9, 10	1 Fordham Plaza, 7 th Floor	718-935-2178
	8, 11, 12	1230 Zerega Ave, Room 24	718-935-2278
Brooklyn	17, 18, 22	1780 Ocean Avenue, 3rd Floor	718-935-2313
	20, 21	415 89th Street, 5th Floor	718-935-2331
	19, 23, 32	1665 St. Mark's Avenue, Room 116	718-935-2340
	13, 14, 15, 16	29 Fort Greene Place (BS12) <i>Edikasyon jeneral sèlman</i>	718-935-2371
Manhattan	1, 2, 4	333 7th Avenue, 12 th Floor	718-935-2383
	3, 5, 6	388 West 125 th Street, 7 th Floor	718-935-2385
Queens	24, 30	28-11 Queens Plaza North, 3rd Fl	718-935-2386
	25, 26	30-48 Linden Place, 2nd Floor	718-935-2391
	27, 28, 29	90-27 Sutphin Boulevard, 1st Floor	718-935-2393
Staten Island	31	715 Ocean Terrace, Building A	718-935-2402

KI MOUN POU AL JWENN POU ASISTANS NAN ZAFÈ IMIGRASYON?

CUNY Citizenship Now:

Sant CUNY yo bay sèvis imigrasyon gratis sou randevou.

Sant Imigrasyon CUNY	Lang yo pale	Telefòn	Lè	Adrès
Hostos Community College	Angle, Panyòl	718-518-4395	Len-Van, 9h00-12h30 13h30-16h30	427 Walton Ave., T-501 Bronx, NY 10451
Medgar Evers College	Angle, Panyòl, Polonè	718-270-6292	Len-Van, 9h00-13h00 14h00-17h00	1150 Carroll St., Rm 226 Brooklyn, NY 11225
City College	Angle, Panyòl Italien	212-650-6620	Len-Van, 9h00-17h00 <i>Sou Randevou Selman</i>	160 Convent Ave., North Academic Center, Rm 1-206 New York, NY 10031
CUNY Xpress	Angle, Panyòl	212-568-4692	Len-Van, 10h00-17h00	560 West 181st St. New York, NY 10033
Flushing	Angle, Panyòl, Chinwa, Koreen	718-640-9223	Len-Van, 9h30-13h00 14h00-16h30	39-07 Prince St., Ste. 2B Flushing, NY 11354
York College	Angle, Panyòl	718-262-2983	Len-Van, 9h30-16h30 <i>Sou Randevou Selman</i>	94-20 Guy Brewer Blvd. Jamaica, NY 11451
College of Staten Island, El Centro & Project Hospitality at The Help Center	Angle, Panyòl	718-448-3470	Len 12h00-19h00 & Jedi-Van, 9h00-17h00 <i>Pa gen avoka Jedi-Van</i>	514 Bay Street Staten Island, NY 10304

The Door, Legal and Immigration Services:

Sant sèvis legal ki gen sevis pou jenn ki gen 12-21 an : kourye elektronik legalstaff@door.org oswa rele 212-941-9090, ext. 3280.

Legal Aid Society, Immigration Project:

Liy Dirèk Inite lwa imigrasyon pou imigran ki arete, disponib le Mèkredi disponib de 1pm-5 pm: 212-577-3456. Imigran ki pa detni ki gen pwosè an kou nan Tribinal Imigrasyon an ta dwe rele 212-577-3300.

Catholic Charities:

Asistans Telefonik Nouvo Amerikan Leta Nouyòk (NYS) : 212-419-3737 oubyen 1-800-566-7636 (san fre nan leta Nouyòk). Asistans Telefonik Pwogram Oryantasyon Legal pou Gadyen (LOPC) pou gadyen timoun ki gen mwenske 18an ki pa akonpanye : 1-888-996-3848 (Lendi jiska Vandredi, 9h30-20h00).

Arab American Association of New York:

Sèvis imigrasyon—konsiltasyon gratis ak sèvis ki pa koute chè. Imèl arabamericanny@gmail.com oubyen rele 718-745-3523 pou fikse yon randevou.



MO AK AKWONYM KI ENPÒTAN

BFSC — Sant Sipò sou Teren Awondisman an

Chancellor’s Regulations — Règleman ofisyèl pou lekòl piblik nan NYC

DL — De lang

EI — Sèvis pwogramn entèvansyon bonè

ELL — Elèv kap aprann lang angle

ENL — Angle Kòm Nouvo Lang

HLIS — Home Language Identification Survey, idantifye ki lang timoun nan pale

IEP — Pwogram edikasyon individyalize

NYSITELL — New York State Identification Test for English Language Learners, determine kapasite etidyan-yo pou yo koute, pale, li ak ekri angle

NYSESLAT — New York State English as a Second Language Achievement Test, Ekzaminen konpetans etidyan-yo pou yo li, ekri, tandè ak pale yon angle.

PA/PTA — Asosyasyon paran/Asosyasyon paran-pwofesè

TBE — Edikasyon bileng tranzisyonèl

UPK — pre-jadendanfan inivèsèl



Gid sa a ak resous adisyonèl sou edikasyon sèvis nan New York City yo disponib sou sit entènèt nou an, www.advocatesforchildren.org.

KONSEY SOU DEFANS DWA-YO

- ✓ **Kenbe dokiman lekòl pitit ou-a** (tankou IEP ak evalyasyon yo) ak tout lèt ak rapò ki soti nan lekòl la nan yon dosye, ranje pa dat
- ✓ **Mete'l alekri:** Kenbe yon kaye ki gen tout dat ak lè tout reyinyon ak kominikasyon ou fe ak anplwaye lekòl la ak klinisyen deyò-yo (tankou doktè oswa terapis); reponn tout konvèsasyon alekri, pa lèt, oswa pa kourye elektronik, epi kenbe yon kopi pou w ka gen yon dosye sou yo.
- ✓ **Voye tout enfòmasyon ki enpòtan pa lapòs sètifye,** mande yo retounen resi-a ba ou oubyen pa fax ak konfimasyon pou ou kapab genyen prèv yote voye'l.
- ✓ **Pale ak moun ki travay ak pitit ou.** Pale ak pwofesè a le tout bagay ap mache byen oswa si bagay yo pap mache, epi pou ka etabli tèt ou kòm yon paran konsène ak ki enplike nan zafè pitit ou.
- ✓ **Se pou pèsistan.** Si yon moun di pa gen anyen ke'l ka fè pou pitit ou-a, chache yon dezyèm opinion.
- ✓ **Kenbe yon konvèsasyon pwodiktif.** Menm lè ou an kòlè pou yon bagay ki rive, eseye pale avèk kalm lè w'ap defann pwen ou.
- ✓ **Mennen yon zanmi,** yon manm nan fanmi an, oswa yon moun ki konnen pitit ou-a andeyò lekòl la nan reyinyon lekòl la si 'w santi ke DOE pap okipe pèspektiv ou-a.



Misyon nou

AFC fè pwomosyon aksè a pi bon edikasyon ke New York ka bay tout elèv, espesyalman elèv etnik-yo ak elèv ki soti nan fanmi ki pa gen anpil lajan. Nou itilize sèlman estrateji entegre pou avanse refòm sistematik, bay fanmi ak kominote-yo pouvwa, ak defann dwa edikasyonèl elèv endividyèl yo.

Si'w gen plis kesyon?

Tanpri rele:

The Jill Chaifetz Education Helpline

Lendi jiska Jedi

10 zè nan maten jiska 4 è nan apremidi

866-427-6033 (gratis)

Advocates for Children of New York, Inc.

151 West 30th Street, 5th Floor

New York, NY 10001

Telefòn (212) 947-9779

Fax (212) 947-9790

info@advocatesforchildren.org

www.advocatesforchildren.org